



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 25 MILYON DOLA NAN PRIM KAPITAL
POU SIPÒTE LIVREZON SÈVIS ESANSYÈL YO BAY NOUYÒKÈ YO**

***Gen lòt pwogram investisman kapital nan enfrastrikti san bi likratif ki pral anonse
sou yon baz kontinyèl***

***Baze sou investisman presedan Gouvènè a pou pwoteje ak sipòte òganizasyon
san bi likratif yo, ki gen ladan fakilte ak inivèsite san bi likratif yo ak òganizasyon
ki sipòte veteran ak Nouyòkè ki gen andikap devlopmanal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon premye faz prèske 25 milyon dola nan sibvansyon kapital pou [70 òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif](#) atravè Pwogram Investisman Kapital nan Enfrastrikti San Bi Likratif (Nonprofit Infrastructure Capital Investment Program, NICIP). Jere pa Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), NICIP bay sibvansyon kapital ki rive jiska 500,000 dola pou pèmèt òganizasyon san bi likratif atravè eta a antreprann pwojè ki amelyore livrezon sèvis enpòtan pou Nouyòkè yo. Yo pral anonse lòt NICIP yo sou yon baz kontinyèl, nan mwa k ap vini yo.

"Òganizasyon san bi likratif yo se patnè esansyèl nan bay sèvis enpòtan pou moun ki nan bezwen yo epi bay yon sistèm pwoteksyon fyab ak konsistan pou fanmi yo atravè New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Repons solid opòtinite sa a sèvi kòm yon rapèl ke òganizasyon sa yo, twò souvan, manke ase finansman kapital pou investi nan misyon yo epi sèvi Nouyòkè yo. N ap kontinye sipòte òganizasyon k ap ede moun ki nan bezwen atravè eta nou an."

Gouvènè Hochul [te lanse](#) opòtinite NICIP 60 milyon dola nan mwa oktòb 2023 pou fè envèstisman sible atravè Eta a nan pwojè konstriksyon kapital ki amelyore kalite, efikasite ak aksè òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif k ap sèvi Nouyòkè yo. Òganizasyon san bi likratif ki kalifye yo elijib pou resevwa ant 50,000 ak 500,000 nan finansman NICIP pou ranbousman depans kapital elijib yo enkli teknoloji, renovasyon ak agrandisman espas yo itilize pou sèvis pwogram dirèk yo ansanm ak renovasyon ki amelyore efikasite enèji oswa aksè.

DASNY te resevwa plis pase 500 aplikasyon NICIP ke y ap trete sou yon baz kontinyèl, premye vini, premye sèvi. Yo prevwa ke tout aplikasyon yo dwe revize ak jwenn nòt nan fen me 2024 avèk lòt anons prim k ap vin apre.

NICIP baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje ak sipòte sektè san bi likratif, ki bay Nouyòkè yo resous ak sèvis enpòtan atravè eta a. Ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse plis pase 63 milyon dola nan prim finansman kapital pou plis pase 30 fakilte ak inivèsite New York pou sipòte gwo pwojè konstriksyon, nouvo ekipman, ak lòt investisman nan enfrastrikti inivèsite Gouvènè a te anonse tou prèske 38 milyon dola pou ranfòse sekirite etablisman òganizasyon san bi likratif yo ak preparasyon jeneral, 13 milyon dola pou òganizasyon k ap bay fòmasyon karyè pou Nouyòkè ki gen andikap nan devlopman, ak 2.7 milyon dola nan finansman pou òganizasyon k ap sèvi veteran yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)